

Resevwa Vaksen COVID-19 la apre Operasyon kont Kansè ki Mande pou Retire Gangliyon Lenfatik Nan Anba Bra

Pwogram Rechèch sou Lenfedèm nan Mass General

- Anfleman gangliyon lenfatik se yon efè segondè yo konnen pou vaksen COVID-19 la epi se yon reyaksyon nòmal kò ou kont vaksen an.
- Sa gendwa enkyete ou si yo te retire gangliyon lenfatik yo nan anba bra ou. Lè yo retire gangliyon lenfatik yo ak lè yo te bay gangliyon lenfatik yo reyon, sa gendwa abouti nan lenfedèm apre tretman kont kansè.
- **Nou ankouraje atoutfòs pou ou pran vaksen kont COVID-19 la lè ou vin kalifye. Ou ta dwe pale avèk doktè ou sou nenpòt enkyetid ou ka genyen.**

Nou rekòmande:

- ***Si ou gen lenfedèm, pran vaksen kont COVID-19 la nan bra opoze a oswa pran l nan janm ou.***
- ***Si ou gen risk pou lenfedèm, pran vaksen kont COVID-19 la nan bra opoze a oswa pran l nan janm ou.***
 - Moun ki te gen diseksyon gangliyon lenfatik gen gwo risk pou yo gen lenfedèm.
 - Moun ki te sibi yon byopsi gangliyon lenfatik santinèl gen risk ki pi piti pou lenfedèm. Menm si risk pou lenfedèm lan pi piti, toujou gen yon risk.
- ***Si yo te retire gangliyon lenfatik ou sou toude bò, ou ta dwe mande pou ou resevwa vaksen an nan janm ou epi si sa pa posib, nan bra a ki gen mwens gangliyon lenfatik yo te retire.***
- ***Yo ka bay ni vaksen Pfizer ni vaksen Moderna kont COVID-19 la nan janm.***
 - Chwa sa a endike sou entènèt sou dokiman Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) pou vaksen Pfizer a ak vaksen Moderna a; gade nan anba paj 1 an nan nòt anba paj nan tablo a:

- [https://www.cdc.gov/vaccines/covid-19/info-by-product/**moderna**/downloads/standing-orders.pdf](https://www.cdc.gov/vaccines/covid-19/info-by-product/moderna/downloads/standing-orders.pdf)
- [https://www.cdc.gov/vaccines/covid-19/info-by-product/**pfizer**/downloads/standing-orders.pdf](https://www.cdc.gov/vaccines/covid-19/info-by-product/pfizer/downloads/standing-orders.pdf)